



Preparasyon Yon Twous Pou Dezas

UPDATED: 02/2014

Yon twous pou lakay ou enka ou bezwen evakye fèt pou li genyen ladann atik ki nan sis (6) kategori debaz sa yo: (1) glo, (2) manje, (3) atik premye èd ak medikaman, (4) rad ak kouvèti kabann, (5) zouti ak atik pou ka dijans, ak (6) dokiman enpòtan pou fanmi w. Ou pra l bezwen yon twous si ou vin jwen tèt ou fèmen bloke lakay ou. E li itil tou si ou bezwen evakye ale nan yon lòt kote diferan pase yon shèltè ki pa gen tout atik ki nesesè oubyen si ou bezwen asire ou genyen tout bagay ou bezwen pou itilizasyon pèsònèl ou kote sa yo pa genyen.

Konsèy pou prepare twous ou an

- Kenbe gwo bagay yo nan sache plastik ki fèmen byen e ki enpenetrab.
- Rasanble atik pou twous lan an yon fason ki fasil pou pote nan yon kontenè oubyen sac a do. Mete Twous la nan bò pòt pou pral sòti an.
- Tcheke twous la ak mete tout bagay ke fanmi an ka bezwen ajou omwens yon fwa pa an.

Konsèy pou Dlo ak Rezèv Manje

- Nòmalman yon moun ki aktif bezwen bwè omwens mwatye_yon galon dlo pa jou. Chalè ak anpil aktivite ka double montan sa. Timoun, manman ka p bay tete ak lòt moun yo ki genyen bezwen espesyal ka bezwen plis glo.
- Preparation manje ak sanitasyon bezwen yon lòt mwatye galon (minimòm) pou chak moun, pa jou.
- Achte boutèy dlo ki sele byen, paske yo pi bon pou konsève. Li akseptab anba gid FDA an bay pou manje, e li pa vilnerab sou tanperati k ap chanje tankou lòt boutèy ki pa sele e ki paka konsève pou lontan. (Gen de boutèy ki genyen dat ekspirasyon sou li, men dat ekspirasyon sa yo se sèlman pou magazen yo ka fè envantè). Si pou yon rezon ou bezwen dezenfekte dlo an, ou kapab sterilize dlo an si ou ajoute 8 gout apreprè 1/8 ti kiyè klowòks ki pa gen sant pou chak galon dlo, kite li chita pou omwens 30 minit avan ke ou itilize li
- Chwazi, manje ki pa lou ki pa bezwen pou mete yo nan frijidè, manje ou pa bezwen kwit oswa manje ki pa bezwen preparasyon ak ki pa itilize anpil oswa okenn dlo ditou.
- Li trè enpòtan pou lave men ou avèk dlo e savon. Sepandan, nan yon ka ou pa gen dlo pou lave men ou, itilize sanitizè ki a baz alkòl.

DOH rekòmande rezèv manje ak dlo pou omwen twa jou nan twous, e ou fèt pou genyen ladan:

- Yon galon dlo pou chak moun pa jou
- Rezèv manje ki pare pou manje, tankou vyann nan bwat tou prepare, fwui ak legim.
- Epis (sel, sik, pwav, epis, elatriye.)
- Lèt an poud ak bwat ji
- Ti dous ki bay anpil enèji ak kolasyon pas taym ki retire estrès.
- Manje pou timoun ak moun ki genyen bezwen espesyal.
- Pedyalayt (pedialite (pou restore idrasyon si li nesesè)
- Twous asyèt ak vè emaye oubyen asyèt ak vè an katon, kiyè fouchèt kouto an plastik ak

- Avèk yon ti aparèy pou ouvri bwat manje ki pa elektrik, ak yon kouto pou kwizin.

Pou zouti ak rezèv nan ka dijans DOH rekòmande:

- Kash oswa travelè chek, lajan monnen
- Kat jeyografik kote zòn shèltè yo ye
- Radyo ki travay ak batri Flach ak ekstra batri.
- Pomp pou tenyen dife
- Zouti ak rako pou fèmen ak ouvri wobinè dlo oswa gaz nan kay la.
- Konpa, siyal ki reflete limyè, yon siflèt ak tant an tib.
- Kouvèti plastik, bwat plastik pou estokay ak bokit ki gen bon bouchon ki sere.
- Sache fatra an plastic ki gen bagay pou mare yo pou sanitasyon
- Tep (dukt, maskin)
- Bouji ak alimèt nan yon kontenè dlo pa ka rantre ladan
- Papye ak kreyon
- Zegwi ak fil
- Kont gout pou medikaman
- Papye alimiyyòm
- Papye iyyenik, papye sèvyèt ki mouye tankou pa tibebe yo ak papye sèvyèt nòmal.
- Savon deben, savon likid, dezenfektan avèk klowòks ki pa gen san ladan.
- Rezèv tanpon pou fanm (kotèks) ak atik iyyèn pèsònèl.
- rezèv kouchèt tibebe (diyapè, boutèy ak sison)

Pou rad ak kouvèti pou kabann rezèv, DOH rekòmande pou:

- Omwens yon pè rad konplè ak soulye pou chak moun
- Soulye ki solid, bòt travay, chapo ak gan
- Lèn ou byen sak kabann ak zorye.
- Rad enpèmeyab, parapli

DOH rekòmande ke ou genyen yon twous premye èd pou lakay ou ak yon ou mete nan chak machin e yo fèt pou genyen ladan yo:

- Rezèv medikaman pou chak moun pou 3 jou, sa se yon bagay ki trè vital
- Preskripsyon medikaman nan pake orijinal yo (boutèy)
- Badaj steril nan dimansyon ki asòti
- 2-pous ak 4-pous gaz bandaj steril (4–6)
- 2-pous ak 3-pous woulo bandaj esteril (3 woulo)
- Bandaj an Tryang (3)
- Gan Letèks (omwens 2 pè)
- Pwodui likid pou netwayaj blesi alkòl , pewoksid, savon ak krèm ramolisan
- Antiseptik ak krèm antibiyotik
- Petroleòm oubyen lòt librikan
- Epeng kwochèt asòti.
- Sizo, pens, zegwi ak tèmomèt
- Bagay pou peze lang la (2)
- Medikaman ki pa preskripsyon
- Aspirin ak medikaman san-aspirin pou doulè
- Medikaman Anti-dyare , anti-asid ak laksatif
- Siwo delpecac yo itilize an ka yon moun pran pwazon)
- Chabon ki aktive (itilize li si Sant Pwazon an deklare sa)

- Filt solè
- Solisyon pou repouse ensèk ki gen DEET lè li apwopriye.
- Ekstra preskripsyon linèt, linèt solèy oubyen lantiy pou zye.
- Aparèy pou tandem ak batri pou li
- Atik pèsonèl ki nesesè pou ka fè fonksyon debaz jounalye yo

DOH rekòmande ke ou genyen yon kopi tout papye ki enpòtan, e dwe ou mete yo nan yon sak ki enpèmeyab e dlo pa ka randre ladan, nan twous ou an:

- Dokiman asirans
- Kontra ou siyen (ki genyen ladann tinòt pwomès)
- Envestisman (stocks) dosye sètifikasi bon
- Kat Sosyal Sekirite ak paspò
- Dosye vaksen ak preskripsyon medikaman
- Nimewo Kont Bank ou
- Nimewo kont kat kredi ak non konpani an ak nimewo telefòn yo
- Envantè tout atik ki gen valè ki lakay ou
- Dosye fanmi an (batistè, ak maryaj, sètifikasi desè) ak testaman
- Foto tout manb fanmi an ki resan

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman lasante konte lokal ou an oswa vizite www.floridahealth.gov oswa www.floridadisaster.com.